Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 27 (98932) 16 июль 2021 с /Рузман 6 Зуль-хIиджа 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




*Курбан - Байрам, символизирующий торжество духа и нравственную чистоту, воплощает в себе благородные идеалы ислама – веротерпимость, любовь к ближнему, заботу и милосердие ко всем. Он учит людей почитать старших, помогать нуждающимся, заботиться о ближних, воспитывать детей в духе добра и благочестия.*
*Пусть высокие гуманистические ценности ислама и впредь служат укреплению духовности, взаимопонимания, единства и согласия между народами нашего района, способствуют сохранению мира и согласия в обществе.*

## Поздравляем!

**Уважаемые жители района!**

В этот светлый праздник желаем всем доброго здоровья, счастья и достатка в семьях, благополучия и успехов во всех ваших добрых начинаниях и делах.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ**

..........

Поздравляю всех земляков со священным праздником Курбан – Байрам! От всего сердца желаю вам благополучия.

Пусть все ваши молитвы будут услышаны, а наградой за милосердие, самоотверженность станут крепкое здоровье и достаток в доме.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ**

..........

**Диналъул вацал ва яцал!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда бусурбабазул бищунго къиматал байрамаздасан цояб-Къурбан къо. гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб ва ракълилаб гIумру. Аллагьас къабул гьареги нилъеца гьабураб гIибадатги кьураб садакъаги.

**Районалъул имамзабазул Советалъул председатель ГI.-гI. АБУБАКАРОВ**

..........

**ХIурматиял районцоял!**

Баркула нуж киназдаго Къурбан-байрам! Гьарула нужее сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел лъикIал ишазулъ битIккей. Аллгьас къабул гьареги нужер гIибадатгун садакъа.

**ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI. АДИМИРЗАЕВ**
**Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х. МУХIАМАДХIАБИБОВ**

# Постановление

**от 14 июля 2021 г. №180**

**О мусульманском празднике Курбан-байрам**

В соответствии с пунктом 7 статьи 4 Федеральною закона от 26 сентября 1997 года №125- ФЗ «О свободе совести и о религиозных объединениях» и по обращению Централизованной исламской религиозной полной организации «Муфтият Республики Дагестан» Правительство Республики Дагестан постановляет:

1. Считать 20 июля 2021 года нерабочим праздничным днем.
2. Перенести выходной день с субботы, 17 июля 2021 года., на понедельник 19 июля 2021 года.

**Председатель Правительства Республики Дагестан А. АМИРХАНОВ**

# Туробъектазда рейдал

Короновирусалде данде хIалтIи гьабиялъул мурадалда, районалъул оперативияб штабалъул 8 июлалда кьураб тIадкъай т1убазе, районалъул администрациялъул спорткомитеталъул ва волонтеразул хIаракаталда, КФХ «Ицц» алда ва Басрияб ЦIобокь ругел туробъектазда рейдал т1орит1ана. Роспотребнадзоралъул т1алабал цIунизе ккеялъул, ковидалде данде вакцина гьабиялъул пайдабазул хIакъалъулъ туристазда ва гьезие хъулухъалда чIаразда мух1канго бицана.

Гьеб тадбир тIобитIулаго, 300 маска ва 40 антисептик бикьана.



**И.БУЛАТХАНОВ**

# Рукъзал разе ракь кьеялда хурхун...



Нилъеда лъала гIолилазе минаби разе ракь кьеялъул суалалда сверухъ нилъер районалъул росабалъ бугеб ахIвал-хIал. Руго росаби анцI-анцI соназ гьел ракьал кьечIел. ГIемерал гIолилал руго, хъизабиги гIуцIун, эбел-инсуда цадахъ яшав гьабун ругел. Гьезда гьоркьор руго лъабго-ункъо хъизан цо мина-свериялда ругелги. Гьедин букIиналъул кинаб хIасил ккезе бегьулебали лъаларелги нилъеда гьоркьор ратиларо. Гьеб рахъалъ цIакъго хIалуцараб ахIвал-хIал Дилим росулъ буго.

Къогоялдасаги цIикIкIун сон буго гьеб росулъ рукъзал разе ракь кьечIелдаса. Гьебги хIисабалде босун, районалъул нухмалъулезгун депутатазул хитIабалъе жавабги гьабун, 14 июлалда нилъер районалде щвана РДялъул буголъиялъул министерствоялда цебе гIуцIараб хIалтIул къокъа.

Гьеб гIуцIиялъе гIиллалъун букIана, Дилим росулъ минаби раялъе ракьал кьеялда хурхун, районалъе нухмалъулезгун депутатаз республикаялъе нухмалъулезде гьабураб хитIаб.

Гьалбалгун цадахъ росдада сверухъ ругел ракьазул хал гьабиялъулъ гIахьаллъана районалъул бетIер ХI.Мусаев, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п.(К.-п.) ГIумаханов ва росдал бетIер И. МухIамадов.

Гьалбаз, гьеб суалалда хурхараб документациялъул хал гьабун хадусан, абуна жидеца рехсараб суал рукIалиде ккезабиялда тIад хIалтIи гьабизе бугилан.

**Пресс-служба**

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 ЦIуне лъимал!
гьум.7 Вакцинация гьабиялъул районалда бугеб ахIвал-хIал
гьум.8 Къурбан байрамгун, хIурматиял диналъул вацал ва яцал!

*Инсан ва гIумру*

# Кулписатил гIумру



СССРалъул заманалда, тIолабго халкъалъе гIумру гьабизе чIезабун рукIарал ресазул цояблъун букIана гIадамазе хIалтIи. ХIалтIулеб букIана росдал магIишат, фабрик-заводал, шахтаби ва цогидалги халкъияб магIишаталъул бутIаби. Росабалъ экономикаялъул аслияб бутIалъун букIана росдал магIишат.

Колхозазда, совхозазда хIалтIулел рукIана дояркаби, боцIухъаби, механизаторал, ахихъаби ва цогидалги. Гьабураб хIалтIухъ щолаан лъикIал харжалги. Гьелъ рес кьолаан хъизан-лъимал хьихьизе гьел цIализаризе ва рукъалде руссинаризе.

1970-лел соназ «Дилим» совхозалда хIалтIулей йикIана 19 доярка. Гьезул цояй, Таймазова Кулписат Эменовналъул хIакъалъулъ бицине бокьун буго гьаб макъалаялда.

Кулписат 42 соналъ хIалтIана Кировасул цIаралда бугеб колхозалда ва «Дилим» совхозалда дояркалъун.

Гьей гьаюна 1947 соналъул июль моцIалда Дилим росулъ. Кулписатил хадусан букIараб захIматалъул нух хурхараб букIана боцIухъанлъиялда. 1970 сонаалдаса 2007 соналде щвезегIан гьей хIалтIана «Дилим» совхозалда дояркалъун.

Диргун ккараб гара-чIвариялда Кулписатица бицана: **«ХIалтIул къо байбихьулаан рогьалилъго. СагIат 4-5 ялда рахъун, ниж гIедегIулаан фермаялде гIачи речIчIизе, бачал гьекъезаризе. Квераца бахъулаан рак, щибаб хIайваналда гъоркь тIамулаан хьуцI, хинаб лъеца гъвараби чурун, байбихьулаан гIачиял речIчIизе. Цо дояркаялда хадуб щула гьабун букIунаан 18-20 гIака. Рахь бечIчIиялда тIад унаан 3-3,5 сагIат. ГIачиял речIчIулаан 2 нухалда.**

**Хасало гIачиял гъолаан чалазде жанире. Хадусан жиб-жиб гIака гъолаан жиде-жидер бакIазде.**

**Риидалил заманалда дояркаялъул хIалтIи тIадеги захIмалъулаан, щайгурелъул, гIачи кидаго рукIунаан мегIер - гIалахазда («Тусто» мегIер), «Чабчахъ», «ХIасантала», «Тулабузтала» участокабазда никIкIаз ва цогияб хIутI-хъумуралъ кваналеб.**

**ГIачи кIусун речIчIизе кколаан. ХIалтIул къоялъул ахиралде къаркъала тIубанго свакалаан.**

**ЗахIматаб букIаниги, дие бокьулаан дояркаялъул хIалтIи. Дир гIачиязул букIана щибалъул тIокIцIар, щибаб гIакаялъул букIана жиндирго гIамал-хасият, лъалаан бечIчIулеб рахьдал къадар.**

**Гьезие цIакъ бокьула реэди, тIалаб-агъаз. РахIат хвараб гIакаялъ дагь гурони кьоларо рахь**».

Щакаб жо буго, кинай йигониги, чIужугIаданалъул гьитIинаб къоялдаса ракIалда букIин жий бесдал эбеллъун яхъинин абураб. Амма гIумруялъ жинцаго гьарула гьелъулъ хиса-басиял.

Гьедин,1970 соналъ, Кулписатица жиндирго гIумру бухьинабуна, 5 лъимерги нахъе тун, лъади гIумруялдаса ятIалъарав росуцояв Рашидов Юсупгун. Гьелъ тIоцебесеб къоялдаса нахъе бихьизабуна бесдал лъималазул жиндаго тIад бугеб жавабчилъи.

Лъималаз жидецаго байбихьана Кулписатиде аскIоре къазе. Гьелдехун гьабураб лъикIаб бербалагьиялъ, кигIан захIмат букIаниги, рес кьуна Кулписатие Юсупил хъизаналде гъорлъе лъугьине.

Хадусел соназ Юсупицаги Кулписатицаги гIезе гьаруна ва тарбия кьунаункъо васасеги, цо ясалъеги. Жакъа гьезул лъималаз талихIаб гIумру гьабулеб буго жиде-жидер хъизабазда.

1976-1979 соназ Кулписат кIодо гьаюна 1 даражаялъул «Эбелалъулаб рецц» абураб орденалдалъун. 1982 соналъул 26 февралалда къватIибе бачIараб СССРа- лъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул Указалда рекъон, Кулписат мустахIикълъана «Эбел-БахIарчIужу» цIаралъе ва «Эбел-БахIарчIужу» орденалъе.

ГIемерал соназ гьабураб ракIбацIцадаб хIалтIухъ Кулписат мустахIикълъана рикIкIен гIемерал ХIурматалъул грамотабазе, дипломазе, баркалаялъул кагътазе ва къиматал сайгъатазе. Кулписатие щварал шапакъатазда гьоркьоб буго 1985 соналъ хъвараб гьадинаб кагъатги:

**«ХIурматияй Кулписат Рашидова! Совхозалъул нухмалъулез рекIелъ чухIигун лъазабулеб буго дуда щуго сонил план дуца заман щвелелдего, тIубазабун букIин.**

**Щуго сонил планалъул 1555 центнералъул бакIалда, дуца бечIчIун буго рахьдал 1695 центнер. Баркула дуда гьеб бергьенлъи. Ниж божарал руго дуца, заман щвелалдего, тIубазабизе букIин 12 абилеб щуго сонил тIадкъаялги»**,-ян.

170 тонна бечIчIараб рахь! Нужецаго гьабе гьелъул хIисаб.

ХIисаб гьабе**:** махххул нухалъул 1 цистернаялде жанибе тIола 60 тонна лъамалъиялъул, гIага-шагарго гьеб ккола Кулписатица бечIчIараб рахьдал 3 цистерна. Амма, чан букIинчIеб гьелъул захIматалъул нухда гьединаб щуго сонилаб план.

Районалъул дояркабазда гьоркьоб гIуцIараб социалистияб къецалъул хIасилалда, дол соназ Кулписатие бичун босизе кьуна **«ВАЗ-2106»** автомашина ва Дагъистаналъул вакилзабазда цадахъ гьей щвана Болгариялде. 1984 сонaлдаса Кулписат ккола захIматалъул ветеранги. 1995 сонaлдаса гьей йиго мустахIикъаб хIухьбахъиялда.

**И. ИДРИСОВ**

# Аминат - бищунго лъикIаздасан цояй



Хасавюрталъул ЗайнулгIабид Батирмурзаевасул цIаралда бугеб педагогикияб колледж республикаялдаго, хIатта, гьеб бахун къватIибехунгицин машгьураб буго тIадегIанаб махщалил мугIалимзаби хIадур гьарулеб идара хIисабалда.

Щибаб соналъ нус-нус гIолилаз гьелъул кавабахъан тIоцебесеб гали тIамула жидерго захIматалъулаб гIумруялде.

Исана гьединазул къадар 223 чиясда бащалъулеб буго. ГIаммаб ва школалда цебесеб лъайкьеялъул идарабазда кидаго хIажатаблъун хутIулеб махщелгун захIматалъулаб гIумруялде рахъин гьезда баркизе вачIун вукIана шагьаралъул бетIер Коргъоли Коргъолиевги, батIи-батIияял жамгIиял гIуцIабазул вакилзабиги, умумулги, Eagle FC лигаялъул президент Шамил Завуровги, рагъулаб самбоялъул рахъалъ дуняла лъулго чемпион МухIамадрасул ХIасбулаевги, гьелъиего Россиялъул чемпион Пумар Хьонахъбиевги, грепплингалъул рахъалъ Россиялъул чемпион СагIаду Сайпулаевги.

Гьез жидерго разилъи загьир гьабулеб букIана исана колледж лъугIизабулезда гьоркьосан тIадегIанал къиматазда цIаларав 63 студент вукIиналдаса.

Гьединаздасан ккола байбихьул классазул мугIалимзаби хIадур гьариялъул отделение тIокIлъигун лъугIизабурай Аминат Гъапуроваги. Казбек районалъул Хубар росулъ тIадегIанал къиматазда тIубачIеб гьоркьохъеб школаги лъугIизабун ячIарай гьей тIоцебесеб къоялдасанго колледжалдаги церехъабазул мухъилъ йикIана.

Гьаниб щвараб лъай жеги камил гьабизе, цин тIадегIанаб лъай кьеялъул идараялдаги цIалун, хадусан гIагараб росулъе гIолилазе лъайгун тарбия кьезе ячIине хIадурлъулей йиго гьей.

**И. МУХIАМАДОВ**

# ЦIуне лъимал!



Телевидениялдасан, инернеталдасан ва газетаздасан нилъеда, щибаб къойилго гIадин, бихьула, нилъер рес публикаялда, районазда, гIагарлъухъ ругел росабалъ, ракIалдаго гьечIого ккарал балагьазул хIасилалда, гIадамал гIумруялдаса ратIалъиялъул хIужаби. ГIемерисел гьединал лъугьа-бахъиназе гIайибилаллъун нилъгоги ккола.

Мисалалъе босани, лъимал. Рии щварабго, умумул лъималгун рохьоре, ралъдахъе, лъарал рагIаллъабазде ва цогидалги хIухьбахъиялъул базабазде хьвадизе байбихьула. Лъиданиги ракIалде кколаро жив яги жиндир хъизан кинаб букIаниги балагьалде ккелин. Амма бичIчIине ккола, кинавниги чи балагьаздаса цIунаравлъун вукIунареблъи.

«Гьикъун къо бачIунаро»,-ян абула нилъер умумуз. ХIухьбахъулелъул жидерго ишазде руссарал чIахIиял ургъалилалде лъималаз бокьараб гьабизе бегьула. Гьел гьури гIадин рекерула, хIинкъи гьечIого, хархадула, кIанцIола, ва гьединлъидал, умумузда аскIор гьечIони, бокьараб балагьаб иш ккезе рес букIуна. Лъималазул гьабулебщиналъулъ букIуна тIасамахIлъи ва жалго цIуниялъул инстинктал гьезул чучал рукIуна. Нилъеда лъала, умумузул гьединаб тIасамахIлъиялъул хIасилалда, май моцIалъул байбихьуда, Хасавюрт шагьаралда тIагIараб лъимер жакъа къоялдеги батичIеблъи. Лъида лъалеб щиб гьесие ккарабали.

Хасго халатаб нухде рахъунелъул, лъималазда тIаса бер босизе бегьуларо чIахIияз, ай кидаго халкквезе ккола гьел унеб бакIалъул ва гьабулеб ишалъул.

ГIемер ккола ралъдалъ лъимал гъанкъиялъул хIужаби. Гьай-гьай гьел хвасар гьаризелъун хадур кIанцIарал чIахIиязул гIумруялъеги букIуна хIинкъи. Бищун лъи кIаб буго, лъим ххазе лъаларев чи лъелъе лъугьинчIого чIей. Ресал ругони, гьитIинаб къоялдасанго лъимал ругьун гьаризе ккола лъим ххазе. ЛъедеялъгIадамасул чорхолъа тIагIинарула квачалдасан кколел унтаби, сколиоз, щулалъизарула щукIдул, гьуърул, тIул, ракI, лъикI гьабула бидул хьвади, ва гь.ц.

Гьединго, цIа ккеялъул, борхалъудаса рортиялъул, газалъ гъанкъиялъул, кинаб букIаниги сан бекиялъул, нухазда хьвадулаго авариялъул хIасилазда лъимал хвеялъул, гьел сакъатлъиялъул лъугьа-бахъинал ва цогидалги хIужаби гIемер рукIуна.

Хал гьабидал, авариялде лъимал кколел руго каникулазул заманалда. Нилъеда лъала, дунял роцIцIаралдаса, агъаз гьечIого, велосипедазда нухал цIун лъимал рукIунеблъи. Гьел бихьизабураб нухдасан хьвадуларо, гьудул-гьалмагъзабазда гъорлъ жидерго гьунарал рихьизаризе мурадалда, гьез гIорхъодаса арал пишаби гьарула.

Унел ва рачIунел машинабазул гьез хал гьабуларо. Гьединлъидал, щибаб къойилаб бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабизе ккола лъималазе. Кирехун кканиги, гьезда лъазе ккола жалго цIунизе ва цIодорлъи гьабизе. Умумузул гьитIинаб гъалатIалъ кIудияб балагьалде рачине бегьула лъимал.

**Асият ДИБИРОВА**

# Решение № 4

**районного оперативного штаба по профилактике коронавирусной инфекции в МР «Казбековский район»**

**от 08.07. 2021 г.** **с. Дылым**

**Повестка дня:**

1. Об эпидемиологической обстановке по коронавирусной инфекции в районе и мерах по ее предупреждению принимаемых мерах по оказанию качественной медицинской помощи. Докладчик: главный врач Казбековской ЦРБ Рашид Амиев.

2. О рассмотрении предложений ТО управления роспотребнадзора по РД в г. Кизилюрт от 07.08.2021 г о введении дополнительных ограничительных мероприятий по профилактике распространения новой коронавирусной инфекции в МР **«Казбековский район».**

Докладчик: Шабазов И.И. зам главы Администрации МР.

Присутствовали: Мусаев Г.Г., Шабазов И.И., Эмеев З.Н., Амиев Р.А., главы поселений, руководители структурных подразделений администрации.

Выслушав выступления главного врача ГБУ РД Казбековская ЦРБ Амиева Р.А. и заместителя начальника оперативного штаба по профилактике новой коронавирусной инфекции на территории Казбековского района Шабазова И.И, учитывая продолжающийся рост заболеваемости коронавирусной инфекции и внебольничными пневмониями на территории района обусловленного не соблюдением населением профилактических мер безопасности предъявляемых органами роспотребнадзора, слабыми темпами иммунизации населения штаб решает:

1. Продолжить на административных территориях соблюдения гражданами масочного режима при нахождении в общественных местах;

2. Прекратить проведение массовых мероприятий на территории района.

3. Запретить проведение массовых мероприятий в закрытых помещениях и на открытых верандах предприятий общественного питания. Обеспечить режим работы предприятий общественного питания с соблюдением противоэпидемических мер и ограничением присутствующих лиц, из расчета не более 1 человека на 4 кв. м. и расстановкой столов не менее 1,5-2 метров.

4. Приостановить работу развлекательных центров и иных досуговых заведений, в т.ч. детских.

5. Приостановить посещение гражданами религиозных организаций, за исключением с строгим соблюдением количества священнослужителей необходимых для совершения пятничных намазов.

6. Обеспечить применение дистанционных способов проведения собраний, совещаний, конференций и иных подобных мероприятий с использованием сетей связи общего пользования, видео-конференцсвязи.

7. Продлить до 31 июля 2021 г. соблюдение режима самоизоляции гражданам в возрасте 65 дет и старше по месту проживания (пребывания), в т.ч. в жилых и садовых домах, за исключением работающих лиц в возрасте 65 лет и старше, прошедших вакцинацию от COVID-19 и имеющих сертификат о вакцинации. 8.ОМВД РФ по Республике Дагестан в Казбековском районе, главам муниципальных образований поселений района обеспечить с принятием соответствующих мер:

8.1 Контроль за соблюдением режима самоизоляции для лиц в возрасте 65 лет и старше.

8.2. Контроль за соблюдением режима домашней изоляции больными коронавирусной инфекциеи и внебольничными пневмониями проходящих лечение на дому и контактировавшимися больными коронавирусной инфекцией.

8.3. Контроль за полным закрытием деятельности банкетных залов, в.т.ч. и работающих не верандах.

9. Подведомственным учреждениям Министерства труда и социальной защиты РД осуществляющих свою деятельность на территории муниципального района совместно с КЦРБ и главами администраций муниципальных образований проработать вопрос вакцинации граждан в возрасте 65 лет и старше, а также лиц, имеющих хронические заболевания и находящихся на самоизоляции против новой коронавирусной инфекции.

10. Администрации МР «**Казбековский район**» создать необходимый резерв дезинфекционных средств и усилить работу волонтеров для проведения разъяснительной работы среди населения о роли профилактических прививок соблюдения масочного режима и режимов самоизоляции и домашней изоляции гражданами, выполнения рекомендаций Роспотребнадзора и своевременного обращения за медицинской помощью.

11. Рекомендовать организациям, предоставляющим жилищно-коммунальные услуги и услуги связи, обеспечить неприменение в указанный период мер ответственности за несвоевременное исполнение гражданами в возрасте 65 лет и старше обязательств по оплате жилищно-коммунальных услуг и услуг связи и обеспечить продолжение предоставления соответствующих услуг в указанный период, а также не учитывать задолженности по оплате при предоставлении субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг.

12. Обеспечить функционирование организаций социального обслуживания стационарного типа, стационаров медицинских организаций и организаций отдыха и оздоровления детей в «**закрытом режиме».**

13. Руководителям детских летних оздоровительных учреждений с дневным пребываем обеспечить обследование персонала на новую коронавирусную инфекцию методом ГШР раз в 7 дней.

14. Запретить проведение:

- автобусных групповых экскурсий с участием граждан, не вакцинированных против новой коронавирусной инфекции либо не имеющих отрицательный результат лабораторного исследования на COVID-19 методом ПЦР, полученный не ранее 72 часов до начала экскурсии;

- пешеходных экскурсий в группах более 15 человек.

15. Запретить нахождение детей в возрасте до 14 лет без сопровождения взрослых организациях торговли и предприятиях общественного питания.

16. Руководителям предприятий и организаций не зависимо от организационно правовой формы обеспечить соблюдение масочного режима и организацию утреннего фильтра для работников с дистанционным измерением температуры, опроса на наличие контакта с подозрительными на инфекционное заболевание с ведением журналов.

17. Установить для работников, не вакцинированных против новой коронавирусной инфекции, выходящих из отпусков после 05 июля 2021 г. обязательное наличие отрицательного результата лабораторного исследования на новую коронавирусную инфекцию методом ПЦР, полученного не ранее 72 часов до дня выхода из отпуска.

18. Запретить работодателям направление в командировки работников, не вакцинированных против новой коронавирусной инфекции.

19. Юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, осуществляющим перевозку пассажиров общественным транспортом, ограничить количество перевозимых пассажиров, соблюдая вместимость пассажиров по числу мест для сидения.

20. Администрации МР, обеспечить контроль за соблюдением организациями, индивидуальными предпринимателями, осуществляющими деятельность на территории района установленных требований, для чего силами специалистов администраций, ОМВД РФ по Казбековскому району с привлечением специалистов Роспотребнадзора, ГНИ проводит рейдовые мероприятия по контролю за банкетными залами, объектами общественного питания, торговли, детскими клубами, туристическими местами, вокзалами, автостанциями, МФЦ и другими местами массового скопления людей, с принятием адекватных и строгих мер административного воздействия и передачей при необходимости материалов в правоохранительные органы.

21. Главному врачу ГБУ **«Казбековская центральная больница».**

-перевести работу медицинских организаций района в режим инфекционного стационара с организацией провизорных отделений;

-определить дополнительный автотранспорт для перевозки и госпитализации лиц с подозрением на COVID-2019, больных внебольничными пневмониями, контактных лиц, предусмотрев организацию дезинфекционной обработки транспорта и укомплектованность его персоналом;

-создать и иметь постоянно в наличии не снижаемый запас противовирусный препаратов и обеспечить обязательное проведение в соответствии требований санитарных правил СП **«Профилактика новой коронавирусной инфекции»** п.4.2 проведение экстренной профилактики контактировавшихся в очагах.

-в целях достижения необходимого охвата вакцинацией против новой коронавирусной инфекции населения района строго придерживаться план-графика вакцинации отдельных категорий населения, согласованного с ТО Роспотребнадзора РД в г. Кизилюрт.

22. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы Администрации МР Шабазова И.И.

***Глава муниципального района, начальник районного оперативного штаба Г.Г. МУСАЕВ***

***Секретарь М. М. ГАМЗАТОВА***

# РЕШЕНИЕ

***12.07.2021 г.*** ***№1/9/7***

**О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения**

В соответствии с пунктом 19-20 главы 3 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения **«село Дылым»**, утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения от «15» июня 2015 г. №45 (далее - Положение), Собрание депутатов сельского поселения

**РЕШИЛО:**

1. Объявить конкурс по отбору кандидатов на замещение должности главы муниципального образования **«село Дылым»** на рассмотрение Собрания депутатов.

2. Установить дату проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования **«село Дылым»** на 13.08.2021 года.

3. Конкурс провести в здании сельской администрации.

Конкурс проводится в соответствии с условиями (прилагается), определенными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования **«село Дылым».**

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 16.07.2021г по 06.08.2021 года.

5. Определить место приема документов здание администрации сельского поселения **«село Дылым»** в рабочие дни **с 08:00 до 17:00.**

6. Назначить следующих членов конкурсной комиссии (половина состава):

**1. Насрудинов Насрудин Батымирзаевич.**

**2. Абдулбасиров Мурад Насирдинович.**

**3. Гамзатов Юнус Юсупович.**

7. Направить настоящее решение Главе муниципального района для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение опубликовать в районной газете **«Чапар»** и разместить на официальном сайте сельского поселения в сети Интернет.

***Председатель Собрания Ю.Ю. ГАМЗАТОВ***

Приложение к Решению Собрания депутатов МО «село Дылым» от **12.07.21 г. № 1/9/7**

**Условия**

**проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Дылым»**

1. Настоящие условия проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения(далее - Условия) устанавливают требования к кандидатам на должность главы сельского поселения

2. Право на участие в конкурсе по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения(далее - поселение) имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет.

***(продолжение следует)***

*(начало на 3-ей странице)*

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории сельского поселения, имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

3. Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы муниципального района.

В заявлении указываются фамилия, имя. отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы — род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена. - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) к заявлению, предусмотренному подпунктом 1 пункта 3 настоящих Условий, прилагаются: копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина; копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том. что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к настоящим Условиям.

4) сведения о принадлежащем кандидату, его супругу и несовершеннолетним детям недвижимом имуществе, находящемся за пределами территории Российской Федерации, об источниках получения средств, за счет которых приобретено указанное имущество, об обязательствах имущественного характера за пределами территории Российской Федерации кандидата, а также сведения о таких обязательствах его супруга и несовершеннолетних детей:

5) сведения о своих расходах, а также о расходах своего супруга и несовершеннолетних детей по каждой сделке по приобретению земельного участка, другого объекта недвижимости, транспортного средства, ценных бумаг, акций (долей участия, паев в уставных (складочных) капиталах организаций), совершенной в течение последних трех лет. если сумма сделки превышает общий доход кандидата и его супруга за три последних года, предшествующих совершению сделки, и об источниках получения средств, за счет которых совершена сделка.

6) письменное уведомление о том. что он не имеет счетов (вкладов), не хранит наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, не владеет и (или) не пользуется иностранными финансовыми инструментами;

7) согласие на обработку персональных данных.

4. Документы, указанные в подпунктах 4 и 5 пункта ЗнастоящихУсловий, представляются в конкурсную комиссию по форме, предусмотренной Указом Президента Российской Федерации от 6 июня 2013 года № 546.

5. Кандидат на должность главы сельского поселения обязан к моменту представления документов в конкурсную комиссию, закрыть счета (вклады), прекратить хранение наличных денежных средств и ценностей в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, и (или) осуществить отчуждение иностранных финансовых инструментов.

6. Документы, указанные в пункте 3 настоящих Условий, кандидаты обязаны представить лично. Указанные документы могут быть представлены по просьбе кандидата иными лицами в случаях, если кандидат болен, содержится в местах содержания под стражей подозреваемых и обвиняемых (при этом подлинность подписи кандидата на документах в письменной форме должна быть удостоверена нотариально либо администрацией стационарного лечебно-профилактического учреждения, в котором кандидат находится на излечении, администрацией учреждения, в котором содержатся под стражей подозреваемые и обвиняемые).

7. Заявление, указанное в подпункте 1 пункта 3 настоящих Условий, и прилагаемые к нему документы принимаются конкурсной комиссией при предъявлении паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина (если в соответствии с пунктом 6 настоящих Условий уведомление осуществляется другим лицом, - при предъявлении нотариально удостоверенной копии паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, удостоверяющего личность кандидата). Копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, заверяется подписью лица, принявшего заявление, и прилагается к заявлению.

8. Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов, представленных в соответствии с настоящими Условиями, незамедлительно после их представления с указанием даты и времени их приема по форме согласно приложению 3 к настоящим Условиям.

9. По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

10. Прием документов для участия в конкурсе, указанных в пункте 3 настоящих Условий, осуществляется в сроки, установленные решением Собрания депутатов об объявлении конкурса.

11. Сведения, представленные гражданином для участия в конкурсе, по решению конкурсной комиссии подлежат проверке в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

12. Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

13. На основании представленных документов конкурсная комиссия принимает решение о допуске гражданина либо об отказе в допуске к участию в конкурсе.

14. Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств: 1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права; 2) несоблюдение кандидатом требований, установленных пунктом 5 настоящих Условий; 3) непредставление в конкурсную комиссию перечня документов, предусмотренных настоящими Условиями; 4) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований настоящих Условий; 5) отсутствие каких-либо сведений, предусмотренных подпунктами 1,3,4 и 5 пункта 3 настоящих Условий;

6) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с настоящими Условиями.

7) наличие в отношении гражданина Российской Федерации вступившего в силу решения суда о лишении его права занимать муниципальные должности в течение определенного срока, если конкурс состоится до истечения указанного срока;

8) прекращения гражданства Российской Федерации, прекращения гражданства иностранного государства - участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования, приобретения им гражданства иностранного государства либо получения им вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, не являющегося участником международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым гражданин Российской Федерации, имеющий гражданство иностранного государства, имеет право избираться главой сельского поселения

9) наличия гражданства иностранного государства (иностранных государств), за исключением случаев, когда кандидат на должность главы муниципального района является гражданином иностранного государства - участника международного договор Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет прав» избираться главой муниципального образования:

10) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

11) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполны? сведений, предусмотренных подпунктами 3-5 пункта 3 настоящих Условий.

15. К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена. - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости:

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости:

4) осужденныеза совершение преступлений экстремистекойнаправленности. предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунктов 2 и 3 настоящей пункта:

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказанию;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда.

16. Гражданин Российской Федерации, отрешенный от должности главы муниципального района Главой Республики Дагестан, не допускается к участию в конкурсе, назначенном в связи с указанными обстоятельствами.

17. Если деяние, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом не признается тяжким или особо тяжким преступлением, действие ограничений, предусмотренных подпунктами 2 и 3 пункта 15 настоящих Условий, прекращается со дня вступления в силу этого уголовного закона.

18. Если тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается особо тяжким преступлением или если особо тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается тяжким преступлением, ограничения, предусмотренные подпунктами 2 и 3 пункта 15 настоящих Условий, действуют до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости.

19. Список граждан, допущенных к участию в конкурсе, утверждается решением конкурсной комиссии на заседании конкурсной комиссии.

20. Конкурсная комиссия уведомляет в письменной форме о принятом решении граждан, не допущенных к участию в конкурсе, с указанием причин отказа в допуске к участию в конкурсе, в срок не позднее 5 рабочих дней со дня принятия решения.

21. Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

# Государственная социальная помощь на основании социального контракта

ГКУ РД **«УСЗН в МО Казбековский район»** доводит до сведения жителей района, что в соответствии с Федеральным законом от 17 июля 1999 года №178-ФЗ «О государственной социальной помощи», постановлением Правительства Российской Федерации от 15 апреля 2014 г. № 296 «Об утверждении государственной программы Российской Федерации «Социальная поддержка граждан» и постановлением Правительства Республики Дагестан от 12 мая 2021 года №103 «Об оказании государственной социальной помощи на основании социального контракта на территории Республики Дагестан» введено **оказание государственной социальной помощи на основании социального контракта.**

